

Enstriksyon sou Sipò Fleksib pou FY23

Sibvansyon pou Sipò Fleksib yo bay jiska \$15,000 finansman pou ede gwoup yo kreye ak soutni aksè moun Minnesota yo nan aktivite atistik yo. Adrès prensipal gwoup yo dwe sitiye tou nan konte Anoka, Carver, Dakota, Hennepin, Ramsey, Scott oswa Washington. Pwogram sa a sipòte pwodiksyon pwojè atistik yo, ak/oswa pwojè k ap ranfòse kapasite òganizasyonèl ak fonksyonman gwoup ki bay aksè ak aktivite atistik yo.

Sibvansyon pwopozisyon ou nan ka gen ladan:

- **Pwogramasyon Atistik**aktivite, kit se yon sèl evènman (tankou yon pwodiksyon teyat) oswa yon seri (tankou yon sezon kou penti).
- **Kapasite pou Òganize** aktivite, sa vle di yon efò jesyon kowòdone ki ranfòse kapasite òganizasyon an pou fè travay li (tankou chanje mak, kreye yon sit entènèt, oswa revizyon sistèm suivi finansye). Pwojè ki gen Kapasite pou Òganize yo kapab tou achte ekipman, oswa fè travay ki gen rapò ak amelyorasyon nan enstalasyon yo.
- **Operasyon** aktivite k ap soutni operasyon k ap kontinye nan yon gwoup (tankou peye salè anplwaye yo oswa lwaye yon espas) pou bay aksè atistik

Tout kalite aktivite sa yo, poukont yo, oswa nan kèk melanj, ta ka "pwojè" oswa "pwogram" òganizasyon an.

Sa Ki nan Dokiman an

Enstriksyon sou Sipò Fleksib pou FY23	1
Kontak	2
Resous pou Demann yo	3
Dat ki Enpòtan yo	5
Gwoup/Òganizasyon ki kalifye	7
Kandida ki pa Kalifye	9

Pwojè ki Kalifye	9
Konsèy pou Demann yo	12
Demann pou Sipò Fleksib pou FY23	12
Pwopozisyon Tèks	12
Bidjè Pwopozisyon an	14
Pwojè / Enfòmasyon sou Pwogram nan	16
Enfòmasyon sou Pwomotè Fiskal (sèlman pou gwoup bidjè a finanse yo)	18
Gwoup Enfòmasyon ak Done	19

Kontak

Pou Kesyon sou **pwosesis sibvansyon an jeneral** ak **asistans teknik** ak entèfas pou sibvansyon an (tankou pwoblèm pou konekte), tanpri kontakte nou nan mrac@mrac.org oswa 651-645-0402.

Pou kesyon ak asistans konsènan **kalifikasyon** ak/oswa **preparasyon yon demann**:

Pou Sipò Fleksib **Sik 1** (dat limit 1ye Out 2022), tanpri kontakte Masami Kawazato (masami@mrac.org oswa 651-523-6386).

Pou Sipò Fleksib **Sik 2** (dat limit 13 Fevriye 2023), tanpri kontakte Scott Artley (scott@mrac.org oswa 651-523-6384).

Pou toude sik yo, vizite paj pwogram sibvansyon sipò fleksib la epi ranpli [fòm demann reyinyon pou demann asistans la](#) pou w planifye yon lè pou w rankontre yon manm nan pèsònèl la ki ka ede w.

Tanpri fè tout sa w kapab pou w li tout enstriksyon sa yo anvan w poze kesyon.

Nou vrèman ankouraje nouvo kandida yo, ansanm ak moun ki te fè demann pou jwenn sibvansyon oswa k ap planifye pou aplike pou plizyè sibvansyon MRAC pandan ane fiskal sa a pou mande yon reyinyon pou diskite plis sou sitiyasyon patikilye ou la.

Demann pou Resous yo

MRAC vle gen garanti pwosesis demann nan aksesib epi li disponib pou ou, pou pèmèt ou pataje kiyès ou ye ak lide ou genyen sou pwojè a. Men kèk fason n ap eseye fè pwosesis la aksesib:

Paj Pwogram Sipò Fleksib

Paj pwogram [Sipò Fleksib la](https://mrac.org/grants/flexible-support) (<https://mrac.org/grants/flexible-support>) genyen yon kantite resous tankou:

Enstriksyon

- **Enstriksyon sou Sipò Fleksib pou FY23** (dokiman sa a - tout kandida yo dwe li enstriksyon yo)
- **Anèks: Echantiyon Bidjè** (gen ladan echantiyon bidjè ak lis verifikasyon bidjè yo)
- **Anèks: Egzanp Idantite Lidèchip yo** (egzanp sou idantite lidèchip)
- **Anèks: Gen yon sibvansyon MRAC ki bay oswa ki annatant** (gwoup ki resevwa yon sibvansyon oswa ki gen sibvansyon annatant yo dwe egzamine dokiman sa a, paske sibvansyon yo resevwa a oswa ki annatant yo ka afekte kalifikasyon ou)

Zouti pou Demann yo

- **Seminè sou Entènèt konsènan Enfòmasyon sou Sibvansyon ki Anrejistre** (gade enfòmasyon ki anba a)
- **Modèl demann** (Yon modèl nan Word ou ka itilize pou kreye demann ou a anvan ou telechaje li nan entèfas sibvansyon an)
- **Modèl lèt pou finansman pa mwayen fiskal** (Yon modèl gwoup ki jwenn finansman fiskal yo ka itilize pou kreye lèt finansman fiskal yo a)

Èd pou fè Demann

- **Lyen Enskripsyon pou Kesyon Vityèl ak Sesyon Repons** (gade enfòmasyon ki anba a)
- **Fòm pou mande reyinyon pou demann asistans** (gade enfòmasyon ki pi ba a anba Direktè Pwogram yo)
- **Gid Evalyasyon Komite a** (sa a dekri ki jan yo pral itilize enfòmasyon ou bay yo pou egzamine demann ou a)
- **Echantiyon demann** ki te finanse avèk siksè nan sik ki pase yo

Sèminè sou Entènèt konsènan Enfòmasyon sou Sibvansyon ki Anrejistre

MRAC ap bay yon Sèminè sou Entènèt konsènan Enfòmasyon sou Sibvansyon ki anrejistre pou aprann sou pwogram sibvansyon an ak sou kont YouTube MRAC avèk soutit. Soutit ki tradwi

otomatikman nan lòt lang yo disponib tou, epi ou ka jwe seminè sou entènèt la nan yon vitès ki ale pi vit oswa pi dousman.

Kesyon Vityèl ak Sesyon Repons

Èske w toujou gen plis kesyon apre w fin egzamine enstriksyon yo ak/oswa apre w fin swiv seminè sou entènèt la? Direktè pwogram MRAC yo pral òganize de sesyon Zoom enfòmèl pou reponn kesyon tou kout nan yon anviwònman ki gen gwo gwoup. Tanpri sonje, se pa yon sèminè sou entènèt konsènan enfòmasyon sou sibvansyon. Nou ankouraje ou pou w gade sèminè sa a ak/oswa li enstriksyon yo davans pou w patisipe nan yon Sesyon Q & A Vityèl, paske yo ka jwenn nan espas sa a anpil kesyon yo poze souvan. Enskripsyon davans pou Sesyon Q & A Vityèl la obligatwa. Dat/lè presi yo ak enskripsyon yo ap disponib sou paj pwogram Sipò Fleksib la.

Direktè Pwogram yo

Direktè pwogram yo disponib pou ede w avèk demann ou a. Pou pwograme yon videyo oswa yon reyinyon nan telefòn ak yon direktè pwogram, vizite paj pwogram Sipò Fleksib la pou ranpli [fòm demann reyinyon demann asistans la](#). Ou kapab tou rele oswa voye yon imèl bay direktè pwogram ki nan lis anba [Kontak](#) pi wo a. Gen twa kalite reyinyon ou ka mande:

- Verifye Kalifikasyon Gwoup la/Lide sou Pwojè (nan kòmansman pwosesis la)
- Egzamine Kalifikasyon Demann nan (pou lè ou gen yon kopi pare pou nou egzamine kalifikasyon I)
- Verifikasyon Pwojè (depi ou fin resevwa yon sibvansyon epi ou vle diskite sou nenpòt chanjman nan pwojè a)

Tanpri sonje: Nou pral fè kèk premye seyans sou refleksyon/rafinman avèk ou sou lide yo, epi nou pral egzamine dokiman demann nan pou verifye si I byen ranpli ak kalifikasyon I. Nou p ap kapab ede nou egzamine kontni ki pa gen rapò ak kalifikasyon an. Se nan lide pou bay konsèy jeneral anvan soumisyon an, evalyasyon final kalifikasyon an baze sou yon bann faktè epi sa fèt sèlman apre yo fin soumèt yon demann.

Lòt Resous sou Entènèt

Vizite [paj Byenveni nan MRAC la](https://mrac.org/grants) (<https://mrac.org/grants>) pou aprann sou pwosesis demann pou sibvansyon MRAC, yon apèsi sou tout pwogram sibvansyon nou yo, ak lòt resous ki gen rapò ak chèche ak resevwa finansman nan MRAC.

Tradiksyon Lang:

Enstriksyon sa yo ansanm ak lòt dokiman yo tradui an Panyòl epi ki disponib sou paj pwogram Sipò Fleksib la. Yo kapab tradwi sitwèb MRAC la an Panyòl tou lè w klike sou bouton lang nan kwen anlè agoch la.

[Pòtay sibvansyon sou entènèt](https://bit.ly/mrac-grant-interface) (<https://bit.ly/mrac-grant-interface>) gen karakteristik Google Translate pou ede nan tradiksyon demann yo nan plis pase 100 lang.

Yo ankouraje gwoup yo/òganizasyon yo pou yo aplike nan lang yo prefere a. Avèk avi alavans, MRAC kapab anplwaye yon entèprèt ak/oswa tradiktè pou ede pandan tretman demann nan.

Aksesibilite

MRAC mande pou tout kandida yo aplike sou entènèt sof si yon andikap anpeche yo fè sa.

MRAC ap travay pou bay garanti enstriksyon sou sibvansyon yo, prezantasyon atelye yo ak nenpòt lòt dokiman ki ekri yo te kreye sou baz prensip aksesibilite a nan lespri yo. Anplis de sa, nou kontan bay materyèl an Bray, Gwo Lèt an lèt detache, oswa lòt fòm ak yon avi alavans ki varye selon fòm a, apati yon semèn sou demann, men menm si delè avi a te pase, nou ka toujou kapab reponn ak demann nan.

Sou chak paj wèb sibvansyon gen yon lyen ki pèmèt ou gen aksè ak enstriksyon yo nan yon fòm tèks ki adapte ak lektè ekran yo ansanm ak chanjman nan dimansyon tèks yo. Konpayi ki fè lojisyèl pou demann sou entènèt MRAC itilize a, Foundant Technologies, ankouraje pou itilize [NVDA](https://www.nvaccess.org/about-nvda/) (<https://www.nvaccess.org/about-nvda/>), yon lojisyèl lektè ekran konpatib ak Windows ki disponib pou telechaje gratis.

Kandida ki andikape ki ta renmen sèvi ak lòt mwayen pou aplike yo ka travay avèk anplwaye MRAC yo pou adapte ak pwosesis òdinè nou yo pou gen garanti ou gen menm opòtinite pou w soumèt yon demann. Solisyon nou te deja devlope yo gen ladan ranpli yon fòm ki adapte nan Microsoft Word, epi bay repons vèbal MRAC pral pataje atravè anrejistremant odyo oswa transkripsyon.

Kontakte nou pi bonè posib pou kòmanse yon konvèsasyon sou fason pou ou gen asirans ou gen menm opòtinite pou aplike.

Dat Enpòtan yo

Sipò Fleksib Sik 1 - Dat limit 1ye Out 2022)

- Jiyè 2022: Demann nan disponib nan entèfas sibvansyon sou entènèt la, pwopozisyon pwojè yo kòmanse apwouve. Yo afiche Seminè sou Entènèt konsènan Enfòmasyon sou Sibvansyon yo ak sipò nan men direktè pwogram yo disponib pa mwayen imel, nan telefòn, oswa nan reyinyon vityèl yo.

- Jiyè 2022: Anplwaye MRAC yo pral òganize Sesyon Vityèl Kesyon ak Repons yo anvan dat limit demann nan. Dat/lè presi yo ak enskripsyon yo ap disponib sou paj pwogram Sipò Fleksib la.
- **1^{ye} Out 2022 a 11:59 PM CST, se dat limit la.** Yo dwe ap resevwa demann yo nan moman sa a. MRAC pa aksepte demann ki an reta yo. Asistans anplwaye yo ap fini a 5è PM. Kandida yo pa ka modifiye oswa chanje demann yo apre dat limit la.
- Apati 2 Out 2022: Anplwaye MRAC yo ap egzamine kalifikasyon yo. Demann ki pa konplè (pa egzant, enfòmasyon ki manke nan chan ki obligatwa yo) ka konsidere kòm pa kalifye. Pandan tan sa a, kandida yo bezwen verifye bwat imel yo, paske Direktè Pwogram yo ka kontakte yo pou yo poze kesyon, jwenn eklèsisman, oswa mande plis enfòmasyon.
- Oktòb 2022: Komite kòlèg verifikatè yo pral evalye demann yo.
- Novanm 2022: Yo pran evalyasyon yo nan men komite verifikatè a epi anplwaye MRAC yo fè rekòmandasyon pou finansman.
- 22 Novanm 2022: Konsèy Administrasyon yo egzamine rekòmandasyon finansman yo epi pran desizyon pou finansman.
- **23 Novanm 2022: Anplwaye yo voye notifikasyon sibvansyon nan imel bay kandida yo.**
- Peryòd finansman ki kalifye: 23 Novanm 2022 jiska 30 Jen 2024.

Sipò Fleksib Sik 2 - Dat limit 13 Fevriye 2023,

- Janvyè 2023: Demann nan disponib nan entèfas sibvansyon sou entènèt la, pwopozisyon pwojè yo kòmanse apwouve ak sipò nan men direktè pwogram yo disponib pa mwayen imel, nan telefòn, oswa nan reyinyon vityèl yo. Yo afiche Sèminè sou Entènèt konsènan Enfòmasyon sou Sibvansyon.
- Janvyè 2023: Anplwaye MRAC yo pral òganize Sesyon Vityèl Kesyon ak Repons yo anvan dat limit demann nan. Dat/lè presi yo ak enskripsyon yo ap disponib sou paj pwogram Sipò Fleksib la.
- **13 Fevriye 2023 a 11:59 PM CST, se dat limit la.** Yo dwe ap resevwa demann yo nan moman sa a. MRAC pa aksepte demann ki an reta yo. Asistans anplwaye yo ap fini a 5è PM. Kandida yo pa ka modifiye oswa chanje demann yo apre dat limit la.
- Apati 14 Fevriye 2023: Anplwaye MRAC yo ap egzamine kalifikasyon yo. Demann ki pa konplè (pa egzant, enfòmasyon ki manke nan chan ki obligatwa yo) ka konsidere kòm pa kalifye. Pandan tan sa a, kandida yo bezwen verifye bwat imel yo, paske Direktè Pwogram yo ka kontakte yo pou yo poze kesyon, jwenn eklèsisman, oswa mande plis enfòmasyon.
- Avril jiska Me 2023: Komite kòlèg verifikatè yo pral evalye demann yo.

- Me 2023: Yo pran evalyasyon yo nan men komite verifikatè a epi anplwaye MRAC yo fè rekòmandasyon pou finansman.
- 30 Me 2023: Konsèy Administrasyon yo egzamine rekòmandasyon finansman yo epi pran desizyon pou finansman.
- **31 Me 2023: Anplwaye yo voye notifikasyon sibvansyon nan imel bay kandida yo.**
- Peryòd finansman ki kalifye: 31 Me 2023 jiska 30 Jen 2024.

Gwoup/Òganizasyon ki kalifye

Gwoup/òganizasyon yo dwe gen yon adrès prensipal nan konte Anoka, Carver, Dakota, Hennepin, Ramsey, Scott oswa Washington.

Pou tout òganizasyon ki p ap chèche fè pwofi 501(c)(3) Sèvis Enpo a (Internal Revenue Service, IRS) dwe apwouve ak konfime estati 501(c)(3) òganizasyon an anvan dat limit la (1^{ye} Out 2022 a 11:59 PM pou sik 1 an, 13 Fevriye 2023 a 11:59 PM pou sik 2 a). Anplwaye MRAC yo ka mande IRS yon kopi lèt detèminasyon estati a ak/oswa lèt retablisman an.

Gwoup yo dwe youn nan bagay sa yo tou:

Gwoup ak òganizasyon atistik yo

Òganizasyon atistik ki p ap chèche fè pwofi 501(c)(3) gouvènman federal la rekonèt epi ki gen franchiz ki gen yon depans fonksyonman anyèl \$400,000 oswa mwens.

Gwoup ak òganizasyon kiltirèl yo

Òganizasyon kiltirèl ki p ap chèche fè pwofi 501(c)(3) gouvènman federal la rekonèt epi ki gen franchiz ki bay pwogramasyon atistik e ki pa atistik ki gen depans pwogramasyon atistik anyèl yo ki egal ak \$400,000 oswa mwens. Òganizasyon kiltirèl ki p ap chèche fè pwofi yo dwe separe depans yo fè pou pwogram atistik yo ak aktivite finansye ki pa atistik yo.

Gwoup ki finanse pa mwayen fiskal yo ak pwojè atistik yo

ki pa t anrejistre kòm yon òganizasyon ki p ap chèche fè pwofi 501(c)(3) ki gen franchiz epi ki rekonèt nan nivo federal dwe fè demann yo a avèk yon pwomotè fiskal ki kalifye. Gwoup finansman pa mwayen fiskal yo dwe gen omwen 3 moun ki nan ekip Lidèchip la epi ki gen depans fonksyonman anyèl \$400,000 oswa mwens. Yon pwomotè fiskal se yon òganizasyon ki p ap chèche fè pwofi ki gen franchiz federal ki resevwa lajan sibvansyon MRAC epi k ap jere aspè finansye pwojè a nan non yon gwoup ki pa gen estati franchiz.

Pwomotè fiskal ki Kalifye yo dwe (1) anrejistre nan IRS kòm yon òganizasyon ki p ap chèche fè pwofi 501(c)(3) ki gen franchiz epi ki rekonèt nan nivo federal (2) ki gen yon adrès nan Minnesota epi (3) ki gen yon anrejistremant ki valid nan Sekretè Deta Minnesota a kòm yon òganizasyon ki p ap chèche fè pwofi.

Pwomotè fiskal yo ka pa lekòl piblik, prive, lòt posiblite, règleman, tranzisyon, oswa lekòl adomisil yo (ki gen ladan òganizasyon pou sipò eskolè yo tankou PTA, PTO, lekòl fondasyon, elatriye). Lekòl yo se gwoup/òganizasyon ki bay fòmasyon depi nan matènèl jiska 12^{yèm} ane ki satisfè egzijans edikasyon leta yo ak fòmasyon apre segondè ki mennen nan yon diplòm oswa yon sètifikasyon.

Lèt pou Akò Pwomotè Fiskal Obligatwa

MRAC mande yon Lèt pou Akò Pwomotè Fiskal la pou konfime òganizasyon/gwoup ou a gen yon relasyon travay ki aktif ak pwomotè fiskal la nan moman demann nan.

Voye yon lèt oswa yon imèl pwomotè fiskal la bay ki montre akò ki genyen ant òganizasyon w nan ak pwomotè fiskal la. Lèt/imel la dwe gen ladan tout sa ki annapre yo:

- Non pwomotè fiskal la
- Non gwoup kandida a
- EIN pwomotè fiskal la (Nimewo Idantifikasyon Taks Federal la)
- Siyati kontak pwomotè fiskal la (yo aksepte siyati elektwonik)
- Yon dat nan sis mwa parapò ak dat limit sibvansyon an

Gwoup ki pa gen yon anrejistremant 501(c)(3) ki valid, ki pa telechaje yon Lèt pou Akò Pwomotè Fiskal ka konsidere kòm pa kalifye.

Òganizasyon ki pa ni atistik ni kiltirèl ki p ap chèche fè pwofi

Òganizasyon ki p ap chèche fè pwofi 501(c)(3) ki gen franchiz ki rekonèt nan nivo federal ki gen depans anyèl pou pwogram atistik ki egal \$400,000 oswa mwens. Òganizasyon ki p ap chèche fè pwofi ki pa ni atistik ni kiltirèl yo dwe separe depans yo fè nan aktivite finansye ki pa ni atistik ni kiltirèl yo.

Enstitisyon Piblik

Yon enstitisyon piblik tankou yon inite nan eta a, lokal, oswa yon gouvènman nan yon kominote endijèn ki gen depans anyèl atistik ki egal \$400,000 oswa mwens. Enstitisyon piblik la dwe separe depans li fè nan pwogram atistik ak aktivite finansye ki pa ni atistik ni kiltirèl yo.

Inite Fòmasyon Kominotè

Inite fòmasyon kominotè yo nan yon distri eskolè ki gen bidjè anyèl atistik yo ki gen nenpòt dimansyon. Inite fòmasyon kominotè yo dwe separe depans yo fè nan pwogram atistik ak aktivite finansye ki pa ni atistik ni kiltirèl yo.

Kandida ki pa Kalifye

Kandida ki vin annapre yo **pa** kalifye pou pwogram sibvansyon sa a:

- Gwoup/Òganizasyon ki sitiye pa deyò konte Anoka, Carver, Dakota, Hennepin, Ramsey, Scott oswa Washington.
- Moun yo.
- Lekòl piblik, prive, lòt posiblite, règleman, tranzisyon, oswa lekòl adomisil yo (ki gen ladan òganizasyon pou sipò eskolè yo tankou PTA, PTO, lekòl fondasyon, elatriye). Lekòl yo se gwoup/òganizasyon ki bay fòmasyon depi nan matènèl jiska 12^{yèm} ane ki satisfè egzijans edikasyon leta yo ak fòmasyon apre segondè ki mennen nan yon diplòm oswa yon sètifikasyon.
- Òganizasyon/Gwoup ki gen objektif prensipal pou ranmase lajan pou yon lòt moun, òganizasyon oswa akoz.
- Òganizasyon/Gwoup ki pa pral prensipal enstitisyon ki responsablite pou jere pwojè a.
- Gwoup/Òganizasyon ki te deja resevwa yon pwogram Sipò fleksib nan menm ane fiskal MRAC la (jiyè 2022 jiska jen 2023).
- Gwoup/Òganizasyon ki ka pa gen plis pase yon prim pou Sipò Fleksib an menm tan. Gwoup yo ka sèlman soumèt yon demann pou chak sik. Si w gen yon sibvansyon MRAC yo ba ou oswa ki annatant, al gade nan **Anèks la: Gen yon sibvansyon MRAC ou resevwa oswa ki annatant** sou paj pwogram Sipò Fleksib la pou plis konsèy.

Kalifikasyon pou Pwojè

Dwe Bay Aksè nan Aktivite Atistik yo

Aktivite yo dwe sitou vize amelyore aksè abitan Minnesota yo nan aktivite atistik yo. Bay kominote yo opòtinite atistik se yon fason pou reyalize aksè sa a. Anplis de sa, MRAC kwè òganizasyon ki pwòp yo se yon pati ki enpòtan nan bay garanti pou gen aksè nan aktivite atistik yo, kidonk, yo ankouraje tou pwojè k ap ranfòse kapasite òganizasyonèl ak operasyon gwoup ki bay aksè ak aktivite atistik yo, men yo dwe toujou montre kòman yo amelyore aksè nan aktivite atistik yo.

Dwe Diferan ak yon Sibvansyon MRAC ou resevwa oswa ki Annatant

Aktivite sou pwojè ak depans ki fè pati yon lòt sibvansyon MRAC ou resevwa oswa ki annatant ki pa kalifye. Si ou mete yon depans yo bay nan bidjè pwojè ou la, ou pa gendwa mete menm depans sa a nan okenn lòt pwopozisyon sibvansyon ou soumèt bay MRAC. Sa vle di, yon sibvansyon MRAC ka sèlman finanse yon pwojè oswa yon pwogram.

Dwe Rive Sèlman pandan Peryòd Finansman ki kalifye a

- Peryòd Finansman Ki Kalifye pou Sik 1 an se 23 Novanm 2022 (Dat ki pi bonè pou Kòmanse Pwopozisyon ki kalifye yo) rive 30 Jen 2024 (Dat ki pi ta pou Fini Pwopozisyon ki kalifye yo). Peryòd Finansman Ki Kalifye pou Sik 2 a se 31 Me 2023 (Dat ki pi bonè pou Kòmanse Pwopozisyon ki kalifye yo) rive 30 Jen 2024 (Dat ki pi ta pou Fini Pwopozisyon ki kalifye yo).
- Aktivite ak depans ki dekri nan demann sibvansyon an dwe enskri yon fason ki klè nan Peryòd Finansman ki Kalifye a. Sa vle di tout fon sibvansyon yo dwe enplike epi depanse pandan Peryòd Finansman ki Kalifye a. Mete depans ak ranbousman ki fèt deyò Peryòd Finansman ki Kalifye a kapab fè yo konsidere tout demann nan pa kalifye.
 - **Depans ki fèt yo** se depans ki se dèt reyèl ak/oswa bonjan pwomès pou peye, kit lajan kach la te chanje men ou non. Frè pou pèfòmans atis yo, pa egzans, ta dwe yon depans ki fèt nan moman yo t ap siyen yon kontra ak atis la, menm si yo vin peye l annapre.
- Kandida yo ka chèche sipò pou nenpòt nan sa ki annapre yo (oswa yon melanj nan sa ki annapre yo), si yo enskri nan Peryòd Finansman ki Kalifye a:
 - Yon evènman oswa yon aktivite gwoup la pa janm reyalize yon fwa deja;
 - Yon evènman peryodik, anyèl, oswa sezonye li te deja reyalize anvan; ak/oswa
 - Yon aktivite ki sipòte kapasite òganizasyonèl ak/oswa fonksyonman gwoup la (tankou achte ekipman, pwojè jesyon, oswa depans pèsonèl).

Pwojè ki pa Kalifye ak Depans ki pa Kalifye

Pwojè ak depans sa yo pa kalifye:

Pa Respekte Prensip Legal yo

- Pwojè ki pa respekte lwa, règ, règleman ak òdonans federal yo, eta ak lokalite a ki aplikab anrapò ak itilizasyon fon MRAC yo.

- Pwojè ki eseye enfliyans nan nenpòt lwa leta oswa federal oswa finansman; pou sipòte aktivite ki sitou vize sosyalizasyon relijye pou patisipan yo oswa piblik la; oswa pou fè diskriminasyon kont moun oswa gwoup.

Deyò Minnesota

- Aktivite ki fèt deyò eta Minnesota.
- Depans pou vwayaj pou vini oswa pou kite Minnesota. Ou **kapab** angaje yon atis oswa yon konsiltan ki deyò eta a nan pwojè w la, men depans vwayaj pou vini oswa pou kite Minnesota pa ka anndan yon demann MRAC.
- Depans pou relokaliz adrès legal kandida a/rezidans ki deyò eta Minnesota.

Atik Bidjè ak Aktivite Pwojè ki pa Kalifye

- Pwojè ak aktivite ki fèt pou ranmase lajan/jwenn sibvansyon/fè don nan non **yon lòt** moun, òganizasyon, oswa akòz. Yo pa ka bay yon lòt òganizasyon oswa yon lòt moun lajan MRAC yo.
- Dola sa yo pa ka ranplase lòt dola nan eta a. Tankou:
 - Demann kote nenpòt pòsyon nan bidjè pwojè a pral itilize pou peye yon atis oswa yon òganizasyon atistik pou bay esansyèlman menm sèvis yon pwofesè, yon pèsònèl ansèyman, oswa yon espesyalis atistik ki te deja bay oswa ki ta sipoze bay nan yon anviwònman eskolè.
 - Demann kote pwojè a pral ranplase pwogram atistik ki sispann oswa ki pa egziste ki ta dwe reponn ak egzijans pwogram ansèyman atistik nan eta a nan lekòl yo.
- Depans pou investisman yo, ki defini kòm amelyorasyon etablisman an ak/oswa achte ekipman, nan espas yo lwe pwopriyete byen an pa apwouve. Si kandida a se pa pwopriyete byen an, yo ka mande pou pwopriyete espas la bay yon otorizasyon alekri pou pwojè investisman an si yo apwouve l.
 - Gwoup/òganizasyon atistik ak gwoup ki jwenn finansman pa mwayen fiskal ka mande lajan pou investisman jiska 100% Montan yo Mande a.
 - Gwoup/òganizasyon kiltirèl yo, òganizasyon ki p ap chèche fè pwofi ki pa ni atistik ni kiltirèl yo, enstitisyon piblik yo ansanm ak inite fòmasyon kominotè yo ka mande fon pou investisman jiska 50% Montan yo mande a.
- Yo pa ka fè okenn investisman pou renovasyon nan pwopriyete rezidansyèl yo.
- Revni ak depans ki pa reyalize tankou bous etid oswa èd an espès.

- Achte byen imobilye.
- Ranfòse fon ki investi a
- Diminye dèt ak kreye rezèv pou lajan kach.
- Depans pou achte bwason ki gen alkòl oswa pou peye frè ki asosye ak yo (sèvè, asirans, lisans likè, elatriye).

Konsèy pou Demann yo

- Ou pral tape demann ou an nan kazye tèks sou entènèt nan entèfas sibvansyon MRAC la.
- Kazye tèks yo gen ladan kantite maksimòm karaktè ki gen ladan lèt, chif, espas, ak espas ki separe paragraf yo. Pa gen fòm (gra oswa italik).
- Ou ka wè ou pa bezwen tout karaktè yo ba ou yo.
- Pa mete lyen ipètèks nan kazye tèks yo, paske egzamen komite a ap limite ak kontni demann ou a. Yo pral efase lyen ipètèks nan chan tèks yo.
- Entèfas sibvansyon MRAC la pral anrejistre otomatikman travay ou chak kèk minit, epi tou gen yon bouton "anrejistre" nan pati anba a nan paj ekran an.
- Kèk kandida gen dwa ta renmen travay nan yon lòt dokiman epi kole repons yo depi yo fin ekri yo. Nou bay modèl demann yo nan Paj pwogram Sipò Fleksib la.
- Kandida yo ka pa ka modifiye oswa chanje demann yo apre dat limit la.
- Demann ki pa konplè (pa egzanzp, enfòmasyon ki manke nan chan ki obligatwa yo) ka konsidere kòm pa kalifye.

Demann pou Sipò Fleksib

Nou vrèman ankouraje ou pou egzamine **Gid pou koreksyon Manm Komite a** ki disponib sou paj pwogram Sipò Fleksib la pou ou konprann ki jan manm komite a kalkile nòt yo.

Pwopozisyon Tèks

Objektif Gwoup la (1500 karaktè maksimòm)

Ou pral bay repons ou yo pou chak kesyon nan yon kazye tèks. Konsidere nimewo repons ou yo.

1. Ki objektif oswa entansyon gwoup la?
2. Si gwoup la gen kèk eksperyans, ki kalite pwogram atistik li te reyalize nan tan ki pase yo? Si gwoup la nouvo, kisa ki te fè gwoup la reyini?

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Pwopozisyon ki pi solid yo pral ede manm komite a konprann ki jan objektif ak pwogram atistik gwoup la koresponn ak pwojè w la ansanm ak kominote w la.

Non Pwojè / Pwogram (100 karaktè maksimòm)

Nan kèk mo, ki non oswa tit pwojè a oswa pwogram nan?

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Y ap pataje yo tou ak Konsèy Administrasyon Atistik nan Eta Minnesota. Anplwaye MRAC yo gen dwa fè modifikasyon pou konsistans oswa longè karaktè yo.

Deskripsyon Pwojè / Pwogram (200 karaktè maksimòm)

Bay yon rezime ki vrèman kout (1-2 fraz) sou pwojè a, kòmanse ak fraz "Finansman pou..." oswa "Fon pou..."

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Yo pral itilize yo tou pou fè konnen sibvansyon an apwouve atravè kominike pou laprès ak sou sitwèb MRAC la si yo finanse pwopozisyon an. Anplwaye MRAC yo gen dwa fè modifikasyon pou konsistans oswa longè karaktè yo.

Pwojè oswa Pwogram (3000 karaktè maksimòm)

Ou pral bay repons ou yo pou chak kesyon nan yon kazyè tèks. Konsidere nimewo repons ou yo.

1. Dekri pwojè oswa pwogram gwoup la ap chèche finansman pou li a.
2. Ki objektif pwojè sa a oswa pwogram sa a?
3. Nan ki fason pwojè sa a oswa pwogram sa a koresponn ak objektif gwoup la oswa fè l pwogrese?
4. Ki aktivite ki pral fèt? Ki kote aktivite yo pral fèt? Dekri pi gwo aktivite oswa travay ki gen nan pwojè w la oswa pwogram ou an ki fèt pandan Peryòd Finansman ki Kalifye a.

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Pwopozisyon ki pi solid yo pral ede manm komite a konprann fason espesifik aktivite ak objektif pwojè a oswa pwogram nan koresponn ak objektif gwoup ou a.

Kominote (3000 karaktè maksimòm)

Ou pral bay repons ou yo pou chak kesyon nan yon kazyè tèks. Konsidere nimewo repons ou yo.

1. Dekri moun k ap jwenn avantaj nan pwojè sa a oswa pwogram sa a, ak ki jan moun sa yo koresponn ak gwoup la.
2. Dekri relasyon ki genyen ant pwojè sa a oswa pwogram sa a, ak fason moun nou te deja pale nan kesyon 1 yo pral jwenn avantaj ladan.
3. Ki moun k ap travay nan pwojè a oswa pwogram nan? Dekri wòl yo nan pwojè oswa pwogram nan. Ki jan yo koresponn ak objektif pwojè oswa pwogram nan?

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Pwopozisyon ki pi solid yo pral ede manm komite a konprann fason espesifik pèsonèl pwojè a oswa pwogram nan, aktivite yo, ak objektif ki koresponn ak moun ki gen entansyon benefisye nan pwojè a oswa pwogram nan.

Bidjè Pwopozisyon an

Nou vrèman ankouraje pou egzamine l:

- Seksyon [Pwojè ki Kalifye](#) ak [Pwojè ki pa Kalifye ak Depans ki pa Kalifye](#) anrapò ak enstriksyon sa yo,
- **Anèks Echantiyon Bidjè**

Pa gen ladan atik bidjè an espès oswa ki pa kalifye. Montan dola yo dwe egzak epi yo pa ka bay yo sou fòm tranch. Tanpri gen asirans ou verifye de fwa tout kalkil, paske erè kalkil yo ka afekte kalifikasyon an oswa kantite lajan sibvansyon an.

Depans Bidjè pou Pwojè a (1,000 karaktè maksimòm)

Fè lis pi gwo depans lajan kach yo sou pwopozisyon ou nan ak montan dola ak deskripsyon ki kout.

Egzanp atik depans lajan kach ki kalifye (sa a se pa yon lis konplè; ou ka mande pou depans ki pa nan lis sa a):

- Atis ki gen Kontra yo
- Pèsonèl administratif ak lòt
- Frè pwofesyonèl/konsiltan
- Pwovizyon ak/oswa achte byen
- Lwe espas ak/oswa lokasyon ekipman
- Depans ki gen rapò ak aksesibilite (se pou w presi)
- Depans pou etablisman yo
- Frè administratif jenaral (se pou w presi)

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Pwopozisyon ki pi solid yo pral ede manm komite a konprann ki jan depans pou pwojè a koresponn ak objektif ak aktivite ki gen rapò ak pwojè a oswa pwogram nan.

Depans Total Lajan Kach pou Pwojè a

Mete yon kantite.

- Depans Total Lajan Kach pou Pwojè a dwe sòm tout atik ki nan lis chan Depans Bidjè pou Pwojè a ki anwo a.
- Total Depans Lajan Kach pou Pwojè yo dwe awondi an dola ki pi pre a.
- Total Depans Lajan Kach pou Pwojè a dwe egal ak Revni Lajan Kach Total Pwojè a.
- **Nòt:** Demann finansman MRAC ou a pa ka egal plis pase Depans Total Lajan Kach pou Pwojè w la. Sepandan, Total Depans Lajan Kach pou Pwojè w la ka pi plis pase kantite maksimòm sibvansyon MRAC la.

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a.

Kantite Lajan yo Mande

Mete yon kantite. Ou ka mande jiska \$15,000.

Mande kantite lajan jiska kantite maksimòm demann nan, ou bezwen pou ou reyalize pwojè ou la. Pa gen okenn avantaj oswa dezavantaj pou mande yon montan ki pi piti oswa ki pi gwo.

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a.

Revni Bidjè pou Pwojè a (1,000 karaktè maksimòm)

Fè lis pi gwo sous revni lajan kach yo ak montan dola ak deskripsyon ki kout.

- Kantite Lajan yo Mande a **dwe** mansyone la a. Mete kantite nan Montan yo Mande a epi annapre mete "Sibvansyon MRAC pou Sipò Fleksib yo."
- Si Depans Total Lajan Kach Pwojè w la egal ak Kantite yo Mande a, mete kantite nan Montan yo Mande a epi annapre mete "Sibvansyon MRAC pou Sipò Fleksib yo."
- Si Depans Total Lajan Kach Pwojè w la pi gwo pase Kantite yo Mande a, mete kantite nan Montan yo Mande a epi annapre mete "Sibvansyon MRAC pou Sipò Fleksib yo" epi

montre ki jan pwojè a oswa pwogram nan pral jwenn sipò grasa lòt sous revni (tankou lòt sibvansyon/kolekte lajan, rezèv lajan kach ki nan kont labank ou, oswa vann tikè).

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a.

Total Revni Lajan Kach pou Pwojè a

Mete yon kantite.

- Total Revni Lajan Kach pou Pwojè a dwe sòm tout atik ki mansyone nan chan Depans Bidjè pou Pwojè a ki anwo a.
- Kantite Lajan yo Mande a **dwe** gen ladan montan sa a.
- Total Revni Lajan Kach pou Pwojè a dwe egal ak Depans Total Lajan Kach pou Pwojè a.

Enfòmasyon ki soumèt la a, yo **pral** bay yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a.

Pwojè / Enfòmasyon sou Pwogram nan

Disiplin Pwojè a

Chwazi nan yon lis ki ka glise a:

Kòd Disiplin - Pwojè: Chwazi yon kategori ki pi byen reprezante aktivite sibvansyon ki dekri nan demann ou a.

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Y ap pataje enfòmasyon sa yo ak Konsèy Administrasyon Atistik nan Eta Minnesota.

Dat pou Kòmanse Pwopozisyon an

Antre yon dat.

Dat pou Kòmanse Pwopozisyon ou mete nan demann nan se dat kote ou pral kòmanse fè depans ak kòmanse aktivite pou pwojè ou la.

- Dat pou Kòmanse Pwopozisyon pou **Sik 1 an** (dat limit 1^{ye} Out 2022) dwe nan oswa ant 23 Novanm 2022 ak 30 jen 2023.

- Dat pou Kòmanse Pwopozisyon pou **Sik 2 a** (dat limit 13 Fevriye 2023) dwe nan oswa ant 31 Me 2023 ak 30 jen 2023.

Mete yon Dat pou Kòmanse Pwopozisyon ki deyò Peryòd Finansman ki Kalifye a kapab fè yo konsidere demann ou a pa kalifye.

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Anplwaye MRAC yo ap itilize enfòmasyon sa yo pou detèmine si pwojè ak pwogram yo kalifye, epi pataje yo ak Konsèy Administrasyon Atistik nan Minnesota.

Dat pou Fini Pwopozisyon an

Antre yon dat.

Dat pou Fini Pwopozisyon ou mete nan demann nan se dat tout aktivite nan pwojè a oswa nan pwogram nan ki te mansyone nan demann ou a pral fini epi tout lajan sibvansyon yo pral depanse. Dènye Dat pou Fini Pwopozisyon ki kalifye a se 30 jen 2024.

- Tanpri sonje: Byenke ou gen jiska 30 jen 2024 pou fini pwojè ou la, ou ta dwe **mete dat ki reyèl ou kwè pwojè a pral fini an**. Si pwojè ou a pral fini anvan 30 jen 2024, mete dat li pral fini an.

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Anplwaye MRAC yo ap itilize enfòmasyon sa yo pou detèmine si pwojè ak pwogram yo kalifye, epi pou detèmine dat yo prevwa pou rapò final la (rapò final yo dwe fèt de mwa apre Dat pou Fini Pwopozisyon an), epi pataje yo ak Konsèy Administrasyon Atistik nan Minnesota.

Rezilta yo

Chwazi nan yon lis ki ka glise. Chwazi yon rezilta ki pi byen koresponn ak sa ou espere reyalize ak pwopozisyon an. Ou ka anvizaje plizyè rezilta, men tanpri chwazi youn ki sanble pi enpòtan.

Aksè nan Aktivite Atistik yo

- Yon rediksyon nan baryè jeyografik, kiltirèl ak/oswa fizik pou patisipe nan aktivite atistik yo.
- Yon chanjman nan konesans, atitud, konpòtman oswa kondisyon akòz prezans aktivite atistik piblik yo, festival atistik yo oswa evènman atistik yo.
- Atis/gwoup atistik yo vin pi fò lè yo konekte ak kominote yo atravè aktivite atistik yo.
- Atis yo ap devlope epi amelyore travay yo ak fason yo reyalize travay sa yo.
- Atis yo antre an kontak ak nouvo piblik, etabli relasyon ki favorize kwasans atistik.

Aprantisaj Atistik

- Rezidan yo aprann nouvo konpetans atistik ak teknik atistik.
- Rezidan yo vin pi motive epi yo renmen disiplin teknik atistik yo.
- Atis yo ranfòse kapasite yo grasa devlopman pwofesyonèl.

Aktivite Atistik ak Eritaj Kiltirèl

- Rezidan yo etabli kontak ak pwòp eritaj kiltirèl yo epi ak eritaj kiltirèl lòt moun grasa evènman yo ak/oswa aktivite yo.
- Kantite atis ak oditwa fòlklorik/tradisyonèl nan MN yo ogmante.
- Atis fòlklorik ak tradisyonèl yo konstate vin gen plis demann pou travay.

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Y ap itilize enfòmasyon sa yo nan rapò final ou a, epi y ap pataje yo ak Konsèy Administrasyon Atistik nan Eta Minnesota. Anplwaye MRAC yo ka re-asiyen rezilta pwojè yo apre yo fin soumèt yo pou yo koresponn ak egzijans eta a.

Plan Evalyasyon

Chwazi youn oswa plis:

Ki jan ou pral evalye enpak finansman yo gen sou òganizasyon w nan ak/oswa sou kominote w la?

- Entèvyou/Konvèsasyon ak patisipan yo
- Entèvyou/Konvèsasyon ak konsèy administrasyon an/anplwaye/lidè yo
- Dyalòg kominotè (konvèsasyon an gwoup nan yon gwo gwoup)
- Egzamine enfòmasyon oswa dokiman ki anrejistre yo (tankou finans, dosye prezans, plan travay)
- Obsèvasyon
- Sondaj (dokiman oswa sou entènèt)
- Si gen lòt (tanpri dekri l anba a)

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Y ap itilize enfòmasyon sa yo nan rapò final ou a, epi y ap pataje yo ak Konsèy Administrasyon Atistik nan Eta Minnesota.

Enfòmasyon sou Pwomotè Fiskal (sèlman pou gwoup ki jwenn finansman pa mwayen fiskal yo)

Tanpri egzamine [seksyon anwo a konsènan pwomotè fiskal yo](#) ki gen rapò ak kalifikasyon pwomotè fiskal yo.

Chan pou demann yo se:

- Non Pwomotè Fiskal la
- Nimewo ID Fiskal Federal Pwomotè Fiskal la
- Pwomotè Fiskal Adrès 1
- Pwomotè Fiskal Adrès 2
- Vil Pwomotè Fiskal la

- Eta Pwomotè Fiskal la
- Kòd Pòstal Pwomotè Fiskal la
- Moun pou Kontakte pou Pwomotè Fiskal la
- Telefòn pou Kontakte Pwomotè Fiskal la
- Imel pou Kontakte Pwomotè Fiskal la
- Lèt Akò Pwomotè Fiskal la (telechaje)

Yo **pral** bay non pwomotè fiskal ou a ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Enfòmasyon sa yo ap ede manm komite a detekte Konfli Enterè yo.

Yo **pa** pral soumèt lòt enfòmasyon sou pwomotè fiskal la bay manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Y ap itilize enfòmasyon sa yo nan rapò final ou a, epi y ap pataje yo ak Konsèy Administrasyon Atistik nan Eta Minnesota. Yo pral voye chèk pou prim sibvansyon yo bay pwomotè fiskal la.

Gwoup Enfòmasyon ak Done

Lidèchip (1,000 karaktè maksimòm)

Ou pral bay repons ou yo nan yon kazye tèks.

Pou MRAC, yo defini gwoup "lidè" kòm moun ki nan yon pozisyon ki fè l gen pouvwa. Mete moun k ap pran desizyon prensipal yo nan operasyon jeneral gwoup la.

Pou tout gwoup yo,, yon minimòm twa (3) moun dwe nan lis kòm yon pati nan ekip Lidèchip la. Moun ki sou lis sa a dwe konnen yo fè pati ekip Lidèchip la, epi yo dwe konnen y ap soumèt pwopozisyon sa a.

- **Pou tout 501(c)(3) òganizasyon ki p ap chèche fè pwofi yo,** sa dwe gen ladan tout manm administrasyon yo ak direktè egzekitif la oswa pozisyon ki sanble ak sa yo. **Ou dwe endike ki moun ki nan lis ou a ki nan konsèy administrasyon ou a.**
- Gwoup ki jwenn finansman nan bidjè a **pa** ta dwe gen ladan anplwaye oswa manm nan konsèy administrasyon an ki nan gwoup **pwomotè fiskal la**, men li ta dwe gen ladan gwoup lidè pa yo pèsònèlman, tankou yon komite konsiltatif, si sa aplikab.

Fè lis lidè gwoup la, ekri non yo ak siyati yo, separe ak yon vigil, ansanm ak wòl yo nan gwoup ou a. Pa mete byografi.

Egzanp: Kathy Mouacheupao, Direktè Egzekitif
Masami Kawazato, Trezorye Konsèy Administrasyon an
Sam Stahlmann, Sekretè Konsèy Administrasyon an

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Yo pral pataje enfòmasyon sa yo ak Konsèy Administrasyon Atistik nan Eta Minnesota.

Anplwaye MRAC yo ap itilize enfòmasyon sa yo pou detèmine kalifikasyon òganizasyon an/gwoup la.

Idantite pou Lidè.

Pou jwen lòt èd pou prepare seksyon sa a, tanpri al gade nan **Anèks la: Egzanp sou Idantite Lidèchip**.

Yo pral pataje ras/orijin etnik ki reprezante plis pase mwatye nan idantite Lidè yo ak Konsèy Administrasyon Atistik nan Eta Minnesota. Egzanp sou lòt idantite adilt ki gen plis pase 60 ane, veteran, ak moun ki andikape yo pataje ak Konsèy Administrasyon Atistik nan Eta Minnesota.

MRAC mete apa yon pòsyon nan fon sibvansyon an espesyalman pou gwoup ki gen Lidè ki plis pase 50% moun ki idantifye kòm Nwa, Endijèn, Moun ki gen Koulè (BIPOC); ak/oswa moun andikape/moun ki gen andikap; ak/oswa Lesbyèn, Omoseksyèl, Biseksyèl, Trans-Seksyèl, Entèsèks, Aseksyèl/Sèks Net, moun ki gen De-Lespri (LGBTQIA2+). Anplwaye MRAC yo ap itilize enfòmasyon sa yo pou detèmine kalifikasyon òganizasyon an/gwoup la pou finansman sa yo. Ou gen dwa chwazi pou w pa pibliye enfòmasyon sa yo.

Y ap pataje enfòmasyon sa yo yon fason global (sa vle di, y ap mete tout nimewo kandida yo san yo pa mansyone idantite yo) ak Konsèy Administrasyon MRAC la pou kontwòle distribisyon lajan yo.

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a.

Ras/Idantite Etnik

Pami moun ki endike anwo a kòm Lidè, nan ki ras yo soti/orijin etnik?

Mete kantite (li ka zewo) moun ki Lidè ki reprezante demografi ki vin annapre yo.

Ou dwe konte chak moun yon fwa nan total ou fè pou seksyon sa a. Lè ou adisyone total chak idantite yo, sa ta dwe koresponn ak kantite moun ki nan lis nan chan Lidèchip ki anwo a. Si yon moun idantifye ak plis pase yon idantite rasyal/etnik, tanpri mete yo sèlman **yon fwa** nan chan Ras Melanje/Moun Plizyè Ras, men pa mete yo nan chak idantite yo genyen.

- Azyatik / Ameriken Azyatik
- Afriken / Nwa / Afriken-Ameriken
- Ispanik / Latino / Latina / Latinx
- Mwayen Oryan / Nò Afriken
- Ras Melanje / Moun ki nan Plizyè Ras
- Ameriken natif natal / Ameriken Endyen / Natif natal Alaska
- Awayen / Abitan Zile Pasifik Natifnatal

- Blan
- Pa pibliye/Pa disponib

Idantite Miks

Pami moun ki endike anwo a kòm Lidè, ki jan yo idantifye yo nan idantite miks ki vin annapre yo?

Mete kantite moun ki Lidè ki reprezante demografi ki vin annapre yo.

Menm jan ak kesyon Ras/Orijin Etnik ki anwo yo, **yo ta dwe konte chak moun yon fwa nan total pou seksyon sa a.** Lè ou adisyone total chak idantite yo, sa ta dwe koresponn ak kantite moun ki nan lis nan chan Lidèchip ki anwo a.

- BIPOC (pa LGBTQIA2+, san andikap)
- BIPOC LGBTQIA2+* (ak san andikap)
- BIPOC ki gen andikap* (e pa LGBTQIA2+)
- BIPOC, LGBTQIA2+, ak andikap
- Blan (pa LGBTQIA2+, san andikap)
- Blan LGBTQIA2+* (ak san andikap)
- Moun Blan ki gen andikap* (e pa LGBTQIA2+)
- Blan, LGBTQIA2+, ak andikap
- Pa pibliye/Pa disponib

Lòt Idantite

Si yo idantifye **nenpòt** moun nan Lidèchip ou a kòm youn nan eleman ki vin annapre yo, tanpri chwazi:

- Adilt ki gen plis pase 60 lane
- Veteran

Kalite Gwoup

Chwazi sa ki pi byen koresponn ak òganizasyon w nan. Ale nan seksyon [Gwoup/Òganizasyon ki Kalifye yo](#) pou jwenn definisyon chak kalite gwoup.

- Aktivite Atistik ki p ap Chèche Fè Pwofi
- Aktivite Kiltirèl ki p ap Chèche Fè Pwofi
- Gwoup ki jwenn finansman pa mwayen fiskal
- Aktivite ki pa atistik ak aktivite ki pa kiltirèl ki p ap Chèche Fè Pwofi
- Enstitisyon piblik
- Inite Fòmasyon Kominotè

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm youn pati nan egzamen demann ou a. Anplwaye MRAC yo ap itilize enfòmasyon sa yo pou detèmine kalifikasyon òganizasyon an/gwoup la.

Konte Òganizasyon

Chwazi konte kote gwoup la ye a. Sèvi ak adrès prensipal òganizasyon/gwoup la pou fè chwa sa a. Gwoup ki finansye pa mwayen fiskal: pa sèvi ak adrès pwomotè fiskal la.

- Konte Anoka
- Konte Carver
- Konte Dakota
- Konte Scott
- Konte Hennepin
- Konte Ramsey
- Konte Washington

Anplwaye MRAC yo ap itilize enfòmasyon sa yo pou detèmine kalifikasyon òganizasyon an/gwoup la pou finansman sa yo. Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a.

Enfòmasyon sou Lòt Gwoup

Chwazi nan yon lis ki ka glise a:

- **Estat jiridik:** pami 10 chwa yo, chwazi kòd ki pi byen dekri estat jiridik gwoup ou a oswa òganizasyon w nan. Pifò kandida yo pral chwazi 02 Òganizasyon ki p ap Chèche Fè Pwofi (oswa ki finance pa mwayen fiskal).
- **Kòd Enstitisyon:** pami 51 chwa yo, chwazi kòd ki pi byen dekri gwoup ou a oswa òganizasyon w nan. Chwa jeneral yo se 03 Gwoup Pèfòmans, 10 Galri/Espas Egzibisyon, 47 Seri Kiltirèl.
- **Kòd Disiplin - Gwoup:** Chwazi disiplin ki pi byen dekri domèn prensipal gwoup ou oswa òganizasyon w nan ki enterese nan aktivite atistik yo.

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Anplwaye MRAC yo ap itilize enfòmasyon sa yo pou detèmine si òganizasyon/gwoup ou a kalifye, epi y ap pataje yo ak Konsèy Administrasyon Atistik nan Minnesota.

Ane Fiskal Òganizasyon an

Mete dènye dat dènye ane fiskal ou a te fini. Pa mete yon dat k ap rive alavni. Egzanp: Si dat dènye ane fiskal òganizasyon w nan te fini se 1ye Janvyè 2021 rive 31 Desanm 2021, mete 31/12/2021.

Gwoup ki pa gen okenn aktivite finansye deja ak òganizasyon/gwoup ki gen mwens pase yon ane depi yo egziste: mete dat jodi a.

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Anplwaye MRAC yo ap itilize enfòmasyon sa yo pou detèmine si

òganizasyon/gwoup ou a kalifye, epi y ap pataje yo ak Konsèy Administrasyon Atistik nan Minnesota.

Depans Atistik Anyèl pou Òganizasyon

Aktivite Atistik ki p ap Chèche Fè Pwofi ak gwoup ki jwenn finansman pa mwayen fiskal Mete an antye depans òganizasyon w nan/gwoup ou a fè nan dènye ane fiskal ou a. Si repons ki nan chan sa a pi gwo pase \$400,000 yo ka konsidere aplikasyon w nan pa kalifye.

Aktivite Kiltirèl ki p ap Chèche Fè Pwofi, Aktivite ki Pa Kiltirèl ak Aktivite ki Pa Atistik ki p ap Chèche Fè Pwofi, Enstitisyon Piblik, ak Fòmasyon Kominotè: Mete depans ki reyèl la nan pwogramasyon atistik yo sèlman apati dènye ane fiskal ou a. Pa mete tout bidjè fonksyonman òganizasyon w nan. Si repons ki nan chan sa a pi gwo pase \$400,000 yo ka konsidere aplikasyon w nan pa kalifye.

Gwoup ki pa gen okenn aktivite finansye deja ak òganizasyon/gwoup ki gen mwens pase yon ane depi yo egziste: mete \$0.

Enfòmasyon ki la yo, yo pa pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Anplwaye MRAC yo ap itilize enfòmasyon sa yo pou detèmine si òganizasyon/gwoup ou a kalifye, epi y ap pataje yo ak Konsèy Administrasyon Atistik nan Minnesota.

Patisipasyon Atistik Anyèl Gwoup/Òganizasyon an

Premye seri nimewo sa a gen rapò ak patisipasyon gwoup ou a te genyen nan dènye ane fiskal li a.

Ou pral mete nimewo pou kesyon sa yo, menm si nimewo sa a se 0. Si ou te ranpli yon ane fiskal konplè, bay kantite total pou ane sa a. Pou gwoup ki gen mwens pase yon ane, li nòmal pou mete 0 paske se li ki repons nòmal la. Pa gen okenn jijman sou nimewo sa yo epi sa pa pral afekte nòt ou oswa kalifikasyon ou.

Patisipan ki Adilt – Anyèl: Bay yon estimasyon sou kantite total adilt ki te patisipe nan aktivite atistik yo nan òganizasyon w nan pandan dènye ane fiskal li a, sa gen ladan aktivite Konsèy Administrasyon Atistik nan Minnesota a pa t finance oswa konsèy atistik reyjonal yo (tankou MRAC). Pa mete ladan oditwa emisyon televize yo. Gwoup ki pa gen eksperyans pwogramasyon: mete 0.

Patisipan ki Jèn – Anyèl: Bay yon estimasyon sou kantite total timoun/jèn (0-18) ki te patisipe nan aktivite atistik yo nan òganizasyon w nan pandan dènye ane fiskal li a, sa gen ladan aktivite Konsèy Administrasyon Atistik nan Minnesota a pa t finance oswa konsèy atistik reyjonal yo (tankou MRAC). Pa mete ladan oditwa emisyon televize yo. Gwoup ki pa gen eksperyans pwogramasyon: mete 0

Sou entènèt / Emisyon televize / Patisipan Adistans – Anyèl: Bay yon estimasyon sou kantite total moun ki te patisipe nan aktivite atistik òganizasyon w nan te reyalize sèlman sou

entènèt, nan emisyon televize oswa adistans pandan dènye ane fiskal li a, sa gen ladan aktivite Konsèy Administrasyon Atistik nan Minnesota a pa t finanse oswa konsèy atistik rejyonal yo (tankou MRAC).

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Y ap pataje enfòmasyon sa yo ak Konsèy Administrasyon Atistik nan Eta Minnesota.

Done sou Patisipasyon nan Pwojè / Pwogram

Kesyon sa yo gen rapò ak pwojè patikilye w ap pwopoze a epi yo se estimasyon pou patisipan w ap angaje yo. Nou konnen sa a se yon estimasyon. Pou yon gwoup ki gen pwopozisyon sou ranfòse kapasite òganizasyonèl, pi fò nan nimewo patisipan ou yo ka zewo. Pa gen okenn jijman sou nimewo sa yo epi sa pa pral afekte nòt ou oswa kalifikasyon ou.

Atis Adilt ki Benefisye – Pwojè: Bay yon estimasyon sou kantite atis adilt ki pral patisipe dirèkteman nan aktivite atistik yo oswa nan bay sèvis atistik pou sibvansyon pwojè a. Mete ladan atis ki vivan yo ekspozè travay yo, kit se atis la ki te bay travay kit se yon enstitisyon oswa menmsi se pa sa.

Patisipan ki Adilt – Pwojè: Bay yon estimasyon sou kantite adilt ki pral patisipe dirèkteman nan aktivite atistik yo pandan pwojè w la, grasa prezans yo nan evènman atistik yo oswa patisipasyon yo nan ansèyman aktivite atistik yo oswa nan lòt kalite aktivite kote moun te patisipe dirèkteman ak atis yo oswa nan aktivite atistik yo. Eksepte anplwaye*, atis yo peye, atis k ap patisipe, timoun/jèn, ak telespektatè. Yo dwe mete kantite reyèl la nan rapò final ou a. * Eksepsyon: tankou anplwaye yo si anplwaye yo se piblik ki konsène a.

Patisipan ki Jèn – Pwojè: Bay yon estimasyon sou kantite timoun/jèn (0-18) ki pral patisipe dirèkteman nan aktivite atistik yo pandan pwojè w la, grasa prezans yo nan evènman atistik yo oswa patisipasyon yo nan lòt kalite aktivite kote moun te patisipe dirèkteman ak atis yo oswa nan aktivite atistik yo. Pa mete ladan oditwa emisyon televize yo. Yo dwe mete kantite reyèl la nan rapò final ou a.

Sou entènèt / Emisyon televize / Patisipan Adistans – Pwojè: Bay yon estimasyon sou kantite total moun ki pral patisipe nan aktivite pwojè ki pwopoze a sèlman sou entènèt, nan emisyon televize oswa adistans pandan peryòd pwojè a.

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a. Y ap itilize yo nan rapò final ou a, epi y ap pataje yo ak Konsèy Administrasyon Atistik nan Eta Minnesota.

Sètifikasyon

Lè w klike sou "Nou Dakò", ou sètifye deklarasyon sa a: "Nou sètifye konsèy administrasyon/ ekip lidèchip nou an sipòte aktivite yo ak/oswa pwojè yo jan sa dekri nan demann sa a epi tout enfòmasyon ki soumèt nan demann yo se verite epi yo kòrèk selon tout sa

nou konnen. Mete sou sa, nou deside reyalize aktivite yo ak/oswa pwojè yo jan sa dekri nan demann ki soumèt la si MRAC apwouve finansman an."

Enfòmasyon ki la yo, yo **pa** pral soumèt yo ak manm komite a kòm yon pati nan egzamen demann ou a.